



Olga Hugelmeyer
Sipèntandan Lekòl yo

Chè Paran ak Responsab Timoun Lekòl Piblik Elizabèt,

Jan sa te ye depi nou te kòmanse travay sou Plan Relouvri a pandan mwa ete yo, angajman nou se pou relouvri lekòl ak sans responsabilite pandan n ap depase minimòm nan sa nou te espere, pou mete sante ak sekirite an premye pou kominate a k ap aprann, bay bon jan kalite lenstriksyon pou elèv nou yo, asire fleksibilite nan modèl ansèyman nou yo, epi kominike avèk anpil presizyon ak kominate nou an pandan tout ane lekòl la.

Objektif nou pou retounen nan lekòl yo pou lenstriksyon an pèson pa Faz te pwopoze nan dat premye Oktòb 2020, nan reyinyon Komisyon Konsèy Ledikasyon. Pandan n ap kenbe angajman nou pou retounen nan sekirite, nan konsiltasyon ak pwofesyonèl lasante ak nan direktiv CDC, Depatman Lasante NJ, ak Depatman Ledikasyon NJ, nou kontan anpil nou te kapab pran yon gwo etap jodi a ak Faz I, lenstriksyon an pèsonn pou akeyi Pwogram "Autism" nou an.

Menm lè se yon premye etap nou te anvi pran nan misyon nou pou retounen avèk lenstriksyon an pèsonn, nou konprann tou retounen nan "nòmal" pral yon pwoesisis mezire k ap fèt ti moso, pa ti moso. N ap travay pou retounen lòt Pwogram Ledikasyon Espesyal nan dat 7 Desanm, nan kad Faz II enstriksyon an pèsonn. Nou rete optimis ak anpil prekosyon, ak plan nou an, epi nou espere bay lenstriksyon an pèsonn ak tout elèv yo nan kad Faz III apati 5 fevriye 2020. Nap kontinye kontwole tout mezi ki aplike epi n ap kenbe ou enfòme pandan n ap avanse nan dezyèm peryòd lekòl la.

Sekirite ak byennèt kominate k ap aprann nan, anvan tout bagay ap gide wout pou nou tounen nan lekòl nou yo epi retounen nan anseyman ak aprantisaj an pèsonn. Alòske n ap antre pi fon nan sezon otòn nan, nou kontinye wè pou santaj ka yo ap ogmante nan zòn nou yo. Finalman, avanse nan Faz III vle di anpil elèv ak anplwaye nan batiman lekòl nou yo ak nan anviwonman klas yo. Kidonk, deplase twò vit nan faz III, pandan ka KOVID-19 toujou ap monte, pral reprezante, san okenn dout, yon risk pou lasante ak sekirite. Pandan n ap kontinye konsilte avèk otorite lasante yo, revizite pwotokòl nan ajans lasante federal ak leta a, epi resevwa konsèy nan men NJDOE, n ap kontinye ba ou dènye enfòmasyon sou planifikasyon ak pwogrè nou.

Mèsi pou tout sa w ap fè pou ede elèv yo nan Lekòl Piblik Elizabèt ansanm ak kominate k ap aprann nan, reyisi nan tan difisil anpil sa a. Mwen apresye tou, sipò, pasyans, ak fleksibilite ou pandan tan difisil san parèy sa yo.

Sensèman

Olga Hugelmeyer

Biwo Sipèntandan Lekòl yo